



Pou Piblikasyon Imedya: 11/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI NOUVO MONTAY RIS FALÈZ NAN KONPLÈKS ESPÒTIF OLENPIK LA NAN LAKE PLACID

Montay ris montay pou tout ane a se pi long nan Etazini

Foto montay ris montay la [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gran ouvèti nouvo Montay Ris Falèz (Cliffside Mountain Coaster) nan Mt. Van Hoevenberg. Pi long nan kategori li a nan Etazini, montay ris la vwayaje nan tout pis bòbslèd Olenpik 1980 an epi li se pi resan atraksyon pou tout ane a nan Sit Olenpik Lak Placid (Lake Placid Olympic Sites).

"Montay Ris Falèz la se youn nan ajou ki pi resan ak pi pasyonan nan espas Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik (Olympic Regional Development Authority, ORDA) yo, epi li fè pati efò kontini nou pou mobilize tout konplèks Mt. Van Hoevenberg", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Revitalizasyon sa a ap transfòme konplèks la nan yon founisè plezi ak amizman pou tout ane a ni pou atlèt yo ak fanmi yo, sa ki pral atire plis vizitè pandan lete epi bay yon elan enpòtan pou biznis lokal yo pandan nou ap travay pou rebati pi byen."

Pou ouvèti pou premye vwayaj li a dimanch 11 oktòb la, montay ris la ekipe avèk sistèm kwonometraj ak sonorizasyon ki pèmèt vizitè yo eksperimente emosyon ki montre kijan sa te ye pou yon moun te yon Bòbè Olenpik (Olympic Bobsledder) pandan Jwèt Ivè Olenpik 1980 (1980 Olympic Winter Games) nan Lak Placid. Montay ris la pral ouvè pou piblik la nan wikenn sèlman, avèk èdtan pwolonje nan wikenn Jounen Kolon (Columbus Day) an, epi li ap gen ladan kòmantè enfòmatif ak pasyonan pou vwayajè yo pandan yo ap glise atravè zigzag ak viraj yo ki repwodwi pis istorik la.

Mike Pratt, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral ORDA, te deklare, "Montay Ris Falèz la se youn nan atraksyon inik nan Mt. Van Hoevenberg ki ap transfòme a. Nou kontan anpil pou bay envite nou yo ekseryans pasyonan sa a. Montay ris la swiv konfòmite pis Bòblèd Olenpik 1932 ak 1980 an lè li ap desanm montay la. Peyizaj yo ekstraòdinè, epi viraj yo fè kè ou bat anpil. Tout moun pral santi kòm si yo merite yon meday".

Gouvènè Cuomo rezève prèske 240 milyon dola finansman pou soutni pwopriyete Otorite Devlopman Rejyonal Olenpik Eta a. Investisman san presedan sa yo nan pwojè imobilye ap amelyore enfrastruktir enstalasyon ORDA yo pou garanti yo kapab kontinye

atire ak soutni evènman global a gran echèl, epi an menm tan transfòme enstalasyon nan zòn sa yo an atraksyon pou tout ane a.

Yo pral egzije vizitè yo achte tikè davans anliy pou ede asiste nan kontwòl kapasite nan espas la. Yo pral netwaye ak dezenfekte vwati montay ris yo apre chak itilizasyon. Etablisman yo pral swiv tout pwotokòl Eta New York yo, gen ladan egzijans sou kouvèti pou figi yo pou tout vizitè yo. Mask yo obligatwa sou tout espas yo.

Montay ris ke yo te acheve resaman an se jis youn nan atraksyon ak mizajou pasyonan ki ap fèt nan ORDA a. Lòt yo gen ladan: Tiwolyèn Sky Flyer (Sky Flyer Zipline) la nan Konplèks Ski Olenpik pou Sote (Olympic Ski Jumping Complex) Lak Placid la; nouvo gondòl ki konfòm ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), ki ka pran uit moun lan; asansè an vit yo apèn renove a; nouvo sistèm ray glas sou so pou ski ki mezire 90M ak 120M nan konplèks la ak Paviyon Pasaj nan Montay la (Mountain Pass Lodge)--ki prezante yon pis demaraj bòbslèd ak estrikti modèn andedan an, yon chan pou tire byatlon (biathlon range) ki gen 30 pwen, 5km ray Nòdik yo apèn bati avèk yon rezèvwa pou fè nèj ki mezire 3 milyon galon. Nan yon ti kras tran pral genyen nouvo pwen depa yo pou Montay Cascade ak Montay Porter (Cascade and Porter Mountains).

Senatè Betty Little te deklare, "Nou kontan anpil pou ouvèti Montay Ris Falèz la nan Mt. Van Hoevenberg. Pa sèlman montay ris la se yon vwayaj pasyonan, li se yon fason tou pou vizitè nou yo genyen pwòp eksperyans Olenpik pa yo nan pis istorik la nan Lak Placid, New York. Li vrèman inik".

Manm Asanble Dan Stec te deklare, "Mwen fyè pou mwen wè tout atraksyon ki pi resan yo nan espas ORDA yo. Atraksyon sa yo pa sèlman pral ogmante vizit ak revni pou Adirondaks yo, men yo pral pataje eksperyans istwa espò ke yo gade nan Lak Placid la epi erezman yo pral kontinye devlope avni espò a".

Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Essex la, Shaun Gilliland te deklare, "Nouvo Montay Ris Falèz la se yon ajou amizan nan sit istorik la, epi mwen kontan pou mwen wè Gouvènè Cuomo anonse ouvèti li jodi a. Montay ris sa a se ajou ki pi resan nan yon ansanm atraksyon ki fòmide nan Lak Placid epi li pral mete an valè avantaj nan vizite bèl sa a pandan tout ane a".

Pou plis enfòmasyon sou Montay Ris Falèz la ak a ak sit Olenpik Lak Placid yo, vizite <https://lakeplacidolympicsites.com/todo/sky-flyer-zipline/>.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)